



DIVISION OF STUDENT AFFAIRS

Nouvèl DSA Pou Ou

Pri Inovatè Pwovizè DSA, Jounen Medya Klèb Espò yo, Potekole nan Dirabilite

Lendi 4 mas 2024

Chè Kòlèg DSA,

[Jounen Don](#) University of Maryland lan se mèkredi 6 mas sa a, epi Divizyon Zafè Etidyan an ka chwazi nan plis pase 250 fon. Mwen espere w ap jwenn yon kòz ki touche kè w epi w ap chwazi bay sipò pa w nan Jounen Don an. Tanpri konsidere bay yon don, kèlkeswa kantite lajan ou ka bay, pou mwen ka fè tout patnè nou yo konnen DSA "bay tout li menm" pou bay don!

N ap raple w si ou fè yon don ant 11è nan maten ak 1è nan apremidi, pandan Lè Tchalendj Pwofesè ak Manm Pèsonèl la, ou ka ede Divizyon Zafè Etidyan an genyen yon sizyèm fwa youn dèyè lòt! Mwen konnen nou ka depase rekò ane pase a! N ap di kolèg nou yo nan Biwo Devlopman ak Zafè Ekstèn yon gwo mèsè pou bèl jefò yo te fè pou leve fon pou Divizyon nou an, ki te bay pwogram nou yo ak depatman nou yo anpil sipò nan jefò sa yo. Ale sou [sitwèb Jounen Don](#) an pou bay kotizasyon pa w la epi fè yon diferans.

Kèk bagay mwen - nou - ap selebre nan mwa mas m ta renmen ou patisipe nan yo tou:

- Mwa Eritaj Moun ki Plizyè Ras Kolèg MICA nou yo nan The Stamp pral òganize [plizyè aktivite](#).
- Mwa Istwa Fanm: Gen yon lis aktivite kanpis la ki disponib pou w gade nan [Sitwèb Stamp lan](#).
- Semèn Entegrite: Apati 4 mas pou rive 8 mas, Biwo pou Konduit Etidyan an ap òganize [yon seri aktivite pou elèv yo](#) ki ankouraje entegrite, etik, ak karaktè.

Yo nonmen Direktris Komèsyal Stamp la, Alison Barlow, kòm Inovatè Pwovizè

Se ak anpil fyète Do Good Institute, nan yon patenarya ak Biwo Rektè a, te rekonèt 57 manm pèsonèl ak pwofesè ekstrawòdinè ak yon [Pri Inovatè Pwovizè Rektè a](#). Terps sa yo se yon bèl egzanp kanpis Do Good la nan angajman yo ni anndan ni deyò sal klas la. Ali Barlow te resevwa pri sa a pou travay li nan jefò demokratik nonpatizan ak angajman elektè nan kanpis la depi 2016. Li te vrèman merite pri sa a. Li te pledwaye san kanpe pou travay la, ak kapasite pou pale sou enpòtans li, epi se gras ak sa te gen plis moun nan UMD ki te patisipe nan eleksyon ki fè yo te rekonèt UMD kòm "Kanpis ki pi Angaje" pandan plizyè ane nan zafè vote. Felisasyon, Ali!

Jounen Medya Klèb Espò RecWell la

Pa twò lontan, RecWell te òganize yon Jounen Medya Klèb Espò, kote ekip klèb yo te gen posiblite pou pran foto, epi se te yon bèl reysit! Nou te vrèman kontan pou nou wè atlèt klèb etidyan nou yo ki chaje ak talan viv menm eksperyans ak atlèt etidyan Maryland nou yo. Aktivite sa a te bay pwogram Klèb Espò nou yo anpil

bèl foto ekip yo ak jwè yo pou fè pwomosyon sou entènèt ak sou papye. Epitou, yon bagay ki vrèman enpòtan, li te ofri yon eksperyans pou etidyan fotograf ak videyografè RecWell yo pèfeksyone ak amelyore atistay yo. Mwen fyè RecWell te ka fasilite opòtinite gayan-gayan sa a pou etidyan nou yo. Ou ka gade yon bèl [videyo an koulis ki montre jounen medya Klèb Espò yo](#) sou kong Instagram RecWell la.

Potekole nan Dirabilite Etidyan

Divizyon Zafè Etidyan an ap lanse yon inisyativ enteresan pandan sezon prentan sa a – Potekole nan Dirabilite Etidyan an. Gwoup nèf (9) estajye etidyan sa yo pral kolabore ansanm ak depatman Sèvis Restorasyon, Etablisman Rezidansyèl, Lavi Rezidan, ak Sèvis Konferans ak Vizitè sou jefò enpòtan nan zafè dirabilite, tankou Pwogram Restorasyon Ekolojik, konsèvasyon enèji ak rediksyon dechè. Yo pral jwenn anpil eksperyans nan rechèch, angajman, ak fason pou bati yon anviwònman ki pou tout moun alawonnbadè, pandan y ap kontribye nan yon kanpis ki pi dirab. Li se yon lòt bèl okazyon pou nou kreye yon kominote swen ansanm ak etidyan nou yo.

Mwen pa ka tann pou mwen wè nou jedi pandan rasanbleman Renouvèlman Prentan DSA a! Tanpri vin patisipe ak nou nan lansman plan estratejik DSA nou an - li se yon bèl vizyon nou te reyalize pou senk (5) pwochen ane nou pral pase ansanm yo.

Sensèman,

Patricia A. Perillo, Ph.D.

Vis Prezidan pou Zafè Etidyan yo, University of Maryland
li (pwonon feminen)

Anrejistre Dat yo

- [NASPA - Resepsyon Ansyen Etidyan UMD ak Zanmi yo](#) -- Lendi 11 mas, 5:30 p.m. - 7 p.m. (PST)
- [ACPA - Resepsyon Ansyen Etidyan UMD ak Zanmi yo](#) -- Lendi 18 mas 8:30 p.m. - 9:30 p.m. (CST)